Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 43 (6443) 17 август 2015 с. Итни ЗулкъагIида 1436 с. Багьа 5 гъур.

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Бакълъулазул тахшагьаралде - хьил тIураб шагьра

**Дагъистан Республикаялъул транспорталъул ва нухазул магIишаталъул агентствоялъул нухмалъулев Загьид Хучбаров Гумбеталда**

**2015 соналъул 6 августалда Дагъистан Республикаялъул транспорталъул ва нухазул магIишаталъул агентствоялъул нухмалъулев Загьид Хучбаровас халгьабуна тахшагьаргун Гумбет район цолъизабулеб Хасавюрт - Кьохъ шагьранухде (78-92 километрал) хьилтIеялъул, гьеб цIи гьабун къачIаялъул бугеб хIалалъул.**

Загьид ХIажиевичасда цадахъ Гумбеталде рачIана агентствоялъул нухмалъулесул заместитель **МухIамад ТIагьиров,** «Дорожный контроль» ГКУ-ялъул цIиял нухал рахъиялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **СайгидахIмад Ибрагьимов,** проектазул организациязул, - лабораториялъулаб хьаравуллъиялъул ва подрядчиказул вакилзаби.



Инспекторлъиялъулаб халгьабиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** Гумбет районалъул администрациялъул бетIер **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** гьесул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIманов,** «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАО-ялъул генералияв директор **ГIалимчилав ГIалимчилаев.**

Халгьабиялдаса хадуб агентствоялъул нухмалъулев Загьид Хучбаровас совещание тIобитIана. Гьес разилъи загьир гьабуна Хасавюрт – Кьохъ шагьранухлул 78-92 километразда гьел гIатIид гьариялъе, гьениб хьил тIеялъе гьабун бугеб хIалтIудаса, тIатинарурал гIунгутIабазе ахир лъеян лъазабуна дандрекъон кколел хъулухъазда. Загьид ХIажиевичас абуна бищун аслияблъун кколин гьабулеб хIалтIул качество букIинаби, гьедин хIалтIи гIуцIани тIадеги ремонталъулал хIалтIаби гьаризе ккечIого нухаздаса халатаб заманалъ пайда босизе кIолин.

Районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас баркала кьуна Загьид ХIажиевичасе, Гумбеталъул ракьалда автотранспорт хьвадулел нухазде кIваркьолеб букIиналъухъ.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ- ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ...

## ХIисабалъул роол школалъул къебелъи

**Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев дандчIвана гьеб школалъул цIалдохъабигун**

**Гумбет районалъул бетIер дандчIвана МельелтIа интерналда 26 июлалдаса 12 августалде щвезегIан рагьун букIараб роолил хIисаб гIелмуялъул школалъул цIалдохъабигун ва педагогалгун.**

Роолил хIисаб гIелмуялъул школалда цIалулел рукIана батIи-батIияб миллаталъул лъимал. Гумбеталде гьел рачIана Дагъистаналъул шагьараздаса ва цо-цо районаздаса.

ДандчIваялда школа-интерналъул нухмалъулев **Лабазан ХIажиевас** абуна лъималазе лъайкьеялде гуребги, гьезие лъикIаб хIухьбахьи гIуцIиялде, спорталъулгун сахгьариялъул тадбирал тIоритIиялде кIвар кьунилан.

Хасавюрт шагьаралъул Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб библиотекаялъул нухмалъулев **Эльмир Якъубовас** роолил хIисаб гIелмуялъул школалда лъай босулел рукIарал цIалдохъабазе хIисабалъул масъалаби кьуна, лъималазул жавабаздаса разилъана дандчIваялда гIахьаллъарал.



МахIачхъала шагьаралъул «Надежда» централъул директор, хIисаб гIелмуялъул учитель **Аскер Аскеровас** бицана роолил хIисаб гIелмуялъул школалда лъималаз гьаваридаб лъай щвезе бахьараб жигаралъул. Гумбеталдаса лъимал республикаялъулал олимпиадабазда цIикIкIун гIахьаллъиялде кIвар кьезе ккеялъул.

ДандчIваялда районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас** абуна районалда лъайкьей камилго гIуцIиялъе хадубккунги районалъул нухмалъулез свак гьечIеб хIалтIи гьабизе бугилан.

Районалъул бетIерас школалъул цIалдохъабазда гьоркьор гIуцIарал спортивиял къецазда бергьаразе грамотаби ва киналго гIахьалчагIазе ракIалде щвеялъул сайгъатал кьуна.

Роолил хIисаб гIелмуялъул школалъул цIалдохъабаз ва педагогаз экскурсия гьабуна маданиябгун сахгьариялъул комплексалда жаниб. Гьезда бихьизабуна Инхоса ГIалихIажил хIакъалъулъ кинофильм.

Ахиралда гьалбадерил цIаралдасан Лабазан ХIажиевас баркала загьир гьабуна бетIералда МухIамадгIали МухIамадгIалиевгун районалъул нухмалъулезе роолил хIисаб гIелмуялъул школа рагьаралъухъ, дандчIвай гIуцIаралъухъ, гьарана хIалтIулъ бергьенлъаби ва щулияб сахлъи.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Лъедалъун хьезаруна, кверкьей бана, 1500 гьветI чIана...

-2 гьум.



Елена ва Геннадий Тимченковазул фондалъул гранталъулаб къецалда бергьана Гумбет районалъул маданиял идарабазул проект

-2 гьум.



Гумбет районалъул медицинаялъул идарабазе-дараби

-3 гьум.



ХIисабчагIазе ганчIал кьуна

-3 гьум.

**Масала, гӀакъилас гӀадан теларо,
Тушман вугониги, гӀадада хвезе.** Инхоса ГӀали-хӀажи

№ 43 17 август 2015 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Лъедалъун хьезаруна, кверкьей бана, 1500 гъветӀ чӀана …

## ЛъаратӀа росдал бегавул Анвар Залумхановасулгун гара-чӀвари

**Анвар Залумханов гьавуна Гумбет районалъул ЛъаратӀа росулъ 1973 соналъ. 8 класс лъугӀизабуна ЛъаратӀа росулъ, ичӀалилеб классалда цӀалана Аргъвани гьоркьохъеб школалда, гьоркьохъеб школа лъугӀана ЦӀияб Лак районалъул Чапаево росулъ. «Тляратинский» колхозалда батӀи-батӀиял хъулухъазда хӀалтӀана 2003 соналъул апрелалде щвезегӀан. Гьелдаса хадув ЛъаратӀа росдал администрациялъул секретарьлъун ва «Тляратинский» колхозалъул бухгалтерлъун хӀалтӀана. 2010 соналъул 10 октябралдаса хӀалтӀулев вуго «Село Тлярата» росдал поселениялъул администрациялъул бетӀерлъун.**

**Анварил буго тӀадегӀанаб лъай. Гьал къоязда «Гумбет» газеталъул хӀалтӀухъан дандчӀвана Гумбет районалъул администрациялъ лъазабураб «Мисалияб росдал поселениялъе гӀоло» абураб конкурсалда бергьенлъи щвеялъе гӀоло кьеркьолеб бугеб «Село Тлярата» поселениялъул администрациялъул бетӀер Анвар Залумхановгун ва кьуна гьесие чанго суал.**

**- Анвар, ахирияб заманалда росдал администрациялъ щал хӀалтӀаби гьарурал?**

- Кьваридаб, санагӀалъи гьечӀел рукъзабахъ букӀана поселковияб администрация хӀалтӀулеб. Бана кӀиабилеб тӀалаялда администрациялъе рукъзал ва гьенире рахьана. Нижго рукӀараб бакӀалде гочинабуна росдал библиотека. Бихьун инехъин бугеб рокьоб халатаб заманаялъ хӀебтӀун букӀана библиотека гьелде щвезегӀан. КӀудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тӀубаялъул юбилей тӀаде щвелелде ВатӀанияб рагъда хвваразул хӀурматалда бараб памятник цӀигьабун къачӀана, мармаралъул къаназда цӀаралги хъван руго рагъдаса тӀад руссинчӀезул.

ГӀисинал лъималазул умумуз гӀемер гьарулеб букӀана МелъелтӀа ясли-ахалде щвезегӀан рачине ккечӀого, росулъго лъималазул ах рагьизе санагӀалъи кколарищан бихьеян. Районалъул нухмалъулезда гьеб ишалъе кумек гьабеян гьарана ва нижер росулъ гьеб рагьизе ихтияр щвана. 25 лъимералъе бакӀ буго гьениб. Райадминистрациялъ гьенибе къайи босизе гӀарац биччана. Гьеб рагьулеб къоялъ лъималазул ахалъе телевизоргун, расандиялъул байданалъе хӀажалъулел тӀагӀелалгун рачӀана районалъул нухмалъулел.Администрациялъул нухмалъулевлъун тараладаса хадур



гьарурал хӀалтӀабазул бицани, гьелги дагьал гьечӀо. 2012 соналъ цӀияб лъим бахьана росулъе 1400 метралъул манзилалда. Райадминистрациялъ биччана рогӀрал росизе гӀарац. Нижерго росулъа гӀолохъабаз 3 къоялде росулъе лъим чвахизабуна. 3 бакӀалдасан бачараб лъим буго росулъ, щивав чиясул рокъоб лъим чӀезабун буго.

Лъаралда тӀасан кьо бана. Кверкьолеб бакӀ гьабуна. Гьелъие дица дунго бетӀергьанаб ракь кьуна, кверкьолеб бакӀ базе спонсорлъиялъулаб кумек гьабула нижерго росуцояв Шихмирза Шихмирзаевас.

Нухал къачӀана 140 КаМАЗ машина чабхилги чӀехьон. Аслияб нух бетон тӀун къачӀана 2012 соналъ. 700 кв. метралда бетон тӀезе хутӀун буго кьватӀахъ, росдал администрациялъ гьеб тӀезе буго кватӀичӀого.

Росулъе бачӀараб машиналъ свери босизе санагӀалъи букӀинчӀо, гьениб рагӀалда щулалъиялъе кьедги гьабун, байдан къачӀана. Фельдшерлъиялъулаб пункталда цебе азбар букӀинчӀо, гьеб гьабуна. Мажгиталдаги фельдшерлъиялъул пункталдаги цебе азбаралда плитаби ккезе руго. Спонсорлъиялъулаб кумек гьабун гьел ккезе гӀарац бачӀана росуцояй ХьистӀаман Султанбеговалъ. Мажгит къачӀазе гӀарац цебеги бачӀун букӀана гьелъ.

Росулъ лъабго трансформатор хисана, кӀигояб цӀияб тӀаде босараб букӀана. Къаси-къаси канлъи чӀезабизе «кобра» чирахъал лъуна. Хабалалъе нух, гьабихъе рахъ къачӀана.

**- РацӀалъи цӀуниялъул рахъ нужер росулъ цогидаз мисал босилеб хӀалалда бугин абула, кинаб хӀал бугеб?**

- 2010 соналдасаго нижеца кӀвар кьуна росулъ рищни-къул кӀкӀалабахъе баялъе ахир лъеялде. КӀкӀалабахъе, цебе ккаралъубе гьеби бан, цӀакъ сурукъго букӀунаан. Рищни-къул баччизе машина чӀезабун буго. Цониги чияс гьеб кӀкӀалахъе баларо. ГӀицӀго исана 9 нухалъ субботник гьабуна хӀалтӀуда ругелги гьечӀелги рахъун лъарумухъ, росусверухъ бакӀ бацӀцӀад гьабизе. Хасго жигараб гӀахьаллъи гьабула субботниказда гӀолохъанаб гӀелалъ.

**- Налогал ракӀари кин гӀуцӀун бугеб?**

- Щибаб соналъул 1 апрелалдаса 1 ноябралде щвезегӀан ракӀарула ракьалдаги бугольиялдаги лъолел налогал. Жакъа къоялде налогазул 65 % бакӀарун буго. Цониги соналъ план тӀубачӀого хутӀичӀо, исана ракӀаризе кколезул хутӀараб къадарги кватӀизе тезе гьечӀо.

**- ГӀолилазда гьоркьоб гьабулеб хӀалтӀи, гӀадлу-низам цӀуни, спорт цебетӀезаби кин гӀуцӀун бугеб?**

- ЛъаратӀа гӀолилаз гӀадлу хвезабиялъул хӀужжаби ккечӀого гӀемерал сонал руго. ГӀолилазул советги гӀуцӀун, гьелъул председатель АхӀмад ГӀисаевасги заместитель Салатгере ГӀалиевасги гӀолилазда гьоркьоб хӀалтӀи лъикӀ гӀуцӀула. Полициялъул участковияв уполномоченнияс хӀисаб кьолагоги лъикӀаб кьимат кьуна гӀолилазул хӀаракатчилъиялъе. Спорталде машгъуллъунги рукӀуна гьел. МахӀачхъалаялде уна футбол хӀазе, МелъелтӀа, Ингишо, Аргъвани росабалъе уна торгӀо хӀазе, МелъелтӀе сахгъариялъулгун спортивияб комплексалде бассейналде. Спортзал гьечӀо ЛъаратӀа. ГьитӀинаб байдан футбол хӀазе гьабизе кумек гьабеян гьарана райадминистрациялда. 100 азарго гъурущ кьуна «Тляратинский» СПКялъ. Лъарал рагӀалда гьабулеб буго гьеб байдан. 96 машина чабхил баччана, битӀизабуна. Чабах баччана Багьавудин Мирзаевас, «Сагъри» СМУялъул механизаторас гӀарацги босичӀого, машинаялда тӀаде ковшалъ бана гьебгоцингиб чабах.

**- Росулъ ругел медицинаялъул, маданиял учреждениязул хӀалтӀудаса рази вугищ мун?**

- Росулъ батӀи-батӀиял тадбирал гӀемер тӀоритӀула, хӀухьбахъи гӀуцӀула, щибаб байрамалда хурхунги. Гьезул хӀалтӀуда тӀасан гӀарзалъ чиги ваккичӀо. Аслияб къагӀидаялда байрамазда хурхарал вечералги, тӀахьал цӀалулезул конференцияlги ва цогидалги тадбирал клубалъги, библиотекаялъги, школалъги цадахъ тӀоритӀула. ГӀадамазе медицинаялъулаб кумек гьабиги лъикӀ гӀуцӀун буго.

**-Дагъистаналъул бетӀер Рамазан ГӀабдулатӀиповас 2015 сон Ахихьанлъиялъул лъагӀеллъун лъазабун буго. Гьелда хурхун гьабураб хӀалтӀи бугищ?**

-Ахихьанлъиялъул соналъ 10 гектаралда ахал чӀезе хӀисабалде босун буго. Ихдал 4 гектаралда чӀана 1100 гъветӀ. 400 гӀан гъветӀ гӀадамаз жидецаго босун чӀана, хадуб гӀарац бецӀизелъун гьутӀби росарал гӀадамалги руго. Субсидиялъул гӀарац щвезе документал гьарун руго. Щуго батӀияб сорталъул гӀечул гьутӀби чӀана ахакь. Халгьабураб мехалда гьутӀбузул 98% рекӀун руго. Хаслихъе чӀезе руго ахал 6 гектаралда

**- ЖамагӀаталде мугъчӀвани хӀалтӀи лъугьунин абула, гьеб рахьалъ иш кин бугеб?**

-ГьабулебхӀалтӀиросдалдибирасулгун, жамагӀаталъулгун дандбала, гьезул рахьалдасан кумек щола.

**- Цере чӀарал масъалаби щал ругел, гьаризе хӀисабалде росарал хӀалтӀаби?**

- ГьабсагӀат унеб буго 225 метралъул халалъухъе гьекъолеб лъим бачунеб ва чорокаб лъим ине гӀатӀидал рогӀрал лъун канал бухъиялъул хӀалтӀи. Цо метралъул гьвариlъуда лъолел руго рогӀрал. Лъее ва канализациялъе рогӀрал росана райадминистрациялъ гӀарацги кьун. Гьенир хӀалтӀулел руго махщалилал Рамазан Сулейманов, Рамазан Сурхаев, ГьитӀин Шапиев. Росулъ рагьизе буго гьалбадерил рукъ. Гьеб къачӀаялъул, рагьиялде хӀадурлъиялъул хӀалтӀаби унел руго.

Сверухъ ругел росабазеги пайда букӀунаан нижер росдал ракьалда бугеб гьобоялъул. Чвахун цӀадаз гьенибе лъим бачараб рахъ тӀезабурадаса гьеб хӀалтӀулеб гьечӀо. ЦӀоросаролъ, лъелъ ханазе гӀадамазе лъел гьобо бокьулелъул кьотӀи гьабулеб буго МелъелтӀаса ГӀалиасхӀаб МухӀамадов вачине гьобо хӀалтӀизабизе ва рахьги, гьабалги, гьабирукъги лъикӀго къачӀазе. Спонсорлъиялъулаб кумек гьабизе хӀадурал гӀадамалги руго. Гьенир хӀалтӀабазе смета хӀадурулеб буго. Хасавюрт – Кьохъ шагьранухдаса нижер росулъе цо километралъул манзилалда хьил тӀезе, нух гӀатӀид гьабизе рагӀи кьун буго Москваялда ва цогидал бакӀазда бакӀал раялъул ишалъе нухмалъулев, «Россиялъул хӀурматияв бакӀал ралев чи» абураб цӀаралъе мустахӀикълъарав Шихмирза Шихмирзаевас. Проектниябгун сметаялъулаб багьа 16 миллионгун 900 азарго гъурущ буго гьеб нухда гьабизе бугеб хӀалтӀул.

КӀиго сон буго «Дагводсервис» гӀуцӀиялъ, нижер ракьал лъарал рагӀалда рукӀин хӀисабалдеги босун, гьел ччукӀун иналдаса цӀуниялъе хӀалтӀаби гьаризе проект бахьаралдаса. 42 миллионгун 800 азарго гъурущалде бахуна гьеб хӀалтӀул роцен. Финансазул рахъ лъикӀ гьечӀин, гьаб соналъ бажариларин тана гьеб хӀалтӀи тӀасиял соназде тӀамун.

Бокьун буго «Гумбет» газеталдасан ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабизе диргоги росуцоязулги рахьалдасан, нижер хӀажалъаби тӀураялде кӀвар кьолел, бугеб ресалда рекьон гӀарцулал сурсатаздалъун кумек гьабулел «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиевасе, райадминистрациялъул бетӀер ГӀабдулахӀажи ГӀабдулкъадировасе.

- Баркала Анвар гара-чӀвариялъе заман батаралъухъ. Мисалияб росдал поселениялъе гӀоло конкурсалда бергьенлъи гьарула.

**Гара-чӀвари гьабуна**
**Къурмагьиз ХӀадисовалъ**

МАДАНИЯБ ТӀАЛАБ ТӀОБИТӀУЛАГО

# Елена ва Геннадий Тимченковазул фондалъул гранталъулаб къецалда бергьана Гумбет районалъул маданиял идарабазул проект

**ХӀасилал гьаруна «ГьитӀинал шагьаразул ва росабазул культурияб мозаика» тӀолгороссиялъул кӀиабилеб конкурсалъул. Улкаялъул 8 федералияб округалъул 56 социалиябгун культурияб проекталъе гӀарцулаб кумек щвезе буго Елена ва Геннадий Тимченковазул гурхӀел-рахӀмуялъул фондалъул рахьалдасан. Гьезда гьоркьоб буго Северияб Кавказалъул федералияб округалда бергьенлъи босараб Гумбет районалъул маданиял учреждениязул «ЦӀалулел руго Инхоса ГӀали-хӀажиясул кучӀдул» абураб проект.**

«Машгъурав гӀакъил, поэт Инхоса ГӀали-хӀажи гьавуралдаса 170 сон тӀубаялде хӀадурлъиялъул гӀатӀидаб программаялда гьорлъе рачун руго школлъималазда ва гӀолилазда гьоркьор конкурсал тӀоритӀи, документалияб фильмал рахъи, справочниялгун методикиял пособиял хӀадури ва цогидалги тадбирал. Проекталъул кӀвар бугел этапазул цояб ккола районалъул поэтическияб марафон. Юбилеялъулал тадбирал лъугӀизе руго Дагъисталъул шагьараздаса ва росабалъе, вацлъиялъулаб Чачан республикаялдаса мадугьалзаби кьабул гьарун, литературиябгун музыкалияб байрам тӀобитӀиялдалъун», - ян абуна районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулей **Сиядат ГӀабдулмутӀалибовалъ.**

Жеги тӀуванго рагьун гьечӀев «Дагъистаналъул адабияталъул классик Инхоса ГӀали-хӀажил асарал лъазариялде хадубккунги кӀвар кьезе ккола» ян абуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер **МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиевас.**

**«Гумбет» РИО**

СМИ

# Информационное письмо министерства печати и информации РД

**Продолжается прием документов на конкурс проектов на гранты Главы Республики Дагестан в области средств массовой информации.**

В рамках конкурса проектов на гранты для СМИ будут поддержаны ориентированные на практический результат информационные проекты, объединенные общественно значимой тематикой и имеющие государственное значение.

## Количество и размеры грантов

Всего грантов в общей сумме 2,450 млн. рублей:

2 гранта по 250 тыс. рублей — на поддержку творческих проектов журналистов республиканских средств массовой информации на национальных языках;

2 гранта по 200 тыс. рублей — на реализацию проектов, направленных на формирование и популяризацию положительного образа Республики Дагестан в информационно-коммуникационной сети Интернет;

2 гранта по 300 тыс. рублей - на поддержку информационных проектов, направленных на модернизацию общества;

1 грант 450 тыс. рублей - на создание цикла телепередач, направленных на разъяснение социальной опасности распространения идеологии и практики экстремизма;

2 гранта по 250 тыс. рублей - на подготовку и размещение телевизионных и видеороликов на социально значимую тематику.

Соискателями могут выступать физические и юридические лица, осуществляющие деятельность на территории Республики Дагестан.

Министерство печати и информации призывает журналистское сообщество, всех творческих людей, неравнодушных к судьбе своей малой родины, принять участие в конкурсе проектов на гранты Главы РД.

Прием документов в Министерстве печати и информации ведется в отделе взаимодействия со СМИ с 22 июля по 21 сентября текущего года, тел. 56-70-20.

Положение о конкурсе проектов на гранты Главы Республики Дагестан в области средств массовой информации размещено на сайте Мининформа РД rdpress.ru

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# ХIисабчагIазе ганчIал къуна

### «Хъабхъил» медалал модаялдаса ана

**Гумбет районалъул МелъелтIа бугеб интернаталда цебе, МахIачхъалаялъул «Надежда» централъгун цадахъ, хIалтIулеб букIана кIиго анкьилаб роолаб хIисаб гIелмуялъул школа. Гьенир цIалулел рукIана Хасавюрт, МахIачхъала, Гъизляр, Каспийск, Дербент шагьараздаса ва Гумбет районалдаса лъимал. Кинавниги 50 гIанасев цIалдохъан. Гьеб лъугIиналда бан 11 августалда школа интерналда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Каримовас, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас.**

МахIачхъалаялъул «Надежда» цIалул централъул директор **Аскер Аскеровас** абуна кIиго анкьилаб роолаб хIисабгIелмуялъул школа лъималазе лъугьана ракIалдаса унареблъун. ХIисаб гIелму лъазабиялда цадахъго лъималазе щвана лъикIаб хIухьбахъи. ХIана батIи-батIиял расандаби, экскурсия гьабуна районалъул тарихиял бакIазде, лъазабуна районалъул тIабигIат, хIана шахматал, рихьизаруна фильмал. Лъималазул цоцалъ ккана лъикIаб гьудуллъи. ЧIезабун букIана лъикIаб квенги. БукIинчIо чIалгIен.

Аскер Аскеровас, гьесул заместитель **Габибула Габибулаевас, Тимур Тугузица** (Краснодарь), **Камил ХIасановас** (Дылим) жидерго группабазда хIисаб гIелмуялъул занятиязул хIасилал гьарун, къецазда бергьаразе, призалъулал бакIал ккуразе къуна грамотаби, дипломал, цогидалги шапакъатал.

Аскер Аскеровас киналго преподавателазул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъулезе, лъайкьеялъул отделалъе, жидее цIалуегун хIухьбахъиялъе, квание гIуцIун рукIарал лъикIал шартIазе ва лъималазе гьарана цIияб цIалул соналда цIалулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби.

Ахиралда районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас МахIачхъалаялъул «Надежда» цIалул централъул директор Аскер Аскеровасе ва преподавателазе лъималазулгун пайда цIикIкIараб хIалтIи гьабуралъухъ ва тадбирал тIоритIаралъухъ баркала къуна. Лъималазеги гьарана республикаялда, районалда, школалда тIоритIулел олимпиадазда, конкурсазда бергьенлъи щвей. Школалъул директор Лабазан ХIажиевас цIалдохъабазе ракIалде щвелъе тIад хъвай-хъвагIаял гьарурал ганчIалги къуна.

**ГIайшат Исламбиева**

ТIИБ

# Гумбет районалъул медицинаялъул идарабазе-дараби

**Москва шагьаралда вугев нилъер ракьцояв ГIусман КъадиевасулхIаракаталдалъун нилъер районалъул централияб больницаялъе гурхIел-рахIмуялъулаб фондалдасан щвана медицинаялъул оборудование ва инвентарь. Гьеб щвеялъулъ кIудияб бутIа лъуна ва районалде гьеб рехиялъе тадбирал гьаруна нилъер республикаялда гьеб фондалъул вакиллъун кколев «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.**

Гуманитарияб кумекалъе бачIараб медицинаялъулаб къайи къуна централияб больницаялъе, поликлиникаялъе, районалъул участковиял больницабазе, фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пунктазе, фельдшерлъиялъул пунктазе (ФАП, ФП), Централияб больницаялъул администрациялъ, медицинаялъул хIалтIухъабаз ракI-ракIалъулаб баркала къолеб буго ГIусман Къадиевасе ва районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасе районалъул медицинаялъул учреждениял материалияб гун техникияб рахъалъ хьезариялъе гьабураб кумекалъухъ. «ГурхIел-рахIмуялъулаб кумек хIисабалда бачIараб медицинаялъул къайиялъул цо бутIа къезе буго Гумбет районалдаса гIадамазе медицинаялъул кумек гьабулел Хасавюрт, Казбек, ЦIияб Лак, Бабаюрт районазул медучреждениязеги», ян абуна районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас. «ГIусман



Къадиевас цебеги кумек гьабун букIана жиндирго гIагараб ИчичIали росу гIорлъе кколеб «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» росдал поселениялъул ракьалда социалиялгун экономикиял суалал тIуразарулаго» - ян абуна Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

«ГIусман Къадиевас рагIи къун буго гIагараб заманалда Гумбет районалъул медицинаялъул учреждениязе дарабадалъунги кумек гьабизе», - ян абуна ЦРБялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовас.**

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ

# Лъедеялъул къецал

### Гьаваялъулгун десанталъул аскаразул къоялъул хIурматалда

**«Ниж руго росдал патриотал» абураб ахIиялда гьоркь, Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ, маданиябгун хIухьбахъиялъул централъ лъималазда гьоркьор тIоритIана гьаваялъулгун десанталъул аскаразул (ВДВ) ялъул къоялъул хIурматалда лъедеялъул къецал.**




Щибаб соналъ, 2 августалъ, Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ тIоритIулел гьел къецазул аслияб мурадлъунги ккола гIун бачIунеб гIел росдал унго-унгоял патриоталлъун куцай.

Росдал лъимал ВатIан бокьизе куцаялде кIвар кьолеб буго маданияб централъ ва росдал гIолилазул комитеталъ. Соналдаса соналде цIикIкIунеб буго къецазда гIахьаллъулел лъималазул къадар, бихьизабулеб буго лъикIаб хIадурлъи, росулел руго лъикIал хIасилалги.

9-11 классазул лъималазда гьоркьоб лъедезе лъикIаб махщел бихьизабуна ва тIоцебесеб бакI **Сайпудин Сайпудиновас**, кIиабилеб бакI **ГIалиасхIаб Маллаевас ккуна**, лъабабилеб бакI щвана **ГIалихIажи ГIабдулхIадировасе.**

6-8 классазул лъималазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна **МухIарам ГIабдулатIиповас**, кIиабилеб бакI - **Расул МуртазагIалиевас**, лъабабилеб бакI щвана **ГIабдулхIамид Будуновасе.**

1-5 классазул лъималазда гьоркьоб; тIоцебесеб бакI ккуна **ХIажидада МухIамадовас,** кIиабилеб бакI щвана **ГIабдулхIалим ХIусенхIажиевасе,** лъабабилеб бакI - **Зайирбег МуртазагIалиевасе.**

Къецазда бергьенлъи босаразе маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул рахъалдасан гIарцулал призал ва грамотаби къуна.

Районалъул «Гумбет» газета гьоркьоб ккун ракI-ракIалъ баркула ВДВ ялда хъулухъ гьабулел рукIарал ва хъулухъ гьабулел ругел районцоязда ВДВялъ 85 сон тIубаялъул юбилей. Гьарула нужее щулияб сахлъи, нужер рокьоб кидагосеб талихI ва рохел!

**Бaгьавудин МухIамадов, рагъухъан-десантник, Афгъанисталда рукIарал рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчи**

ЧЕРХАЛДА ГIЕТI ЦIИРИЧIЕБ БОЦИ ДАНДЕ ГЬАБУГЕ

# ХIалтIи балагьулезе ва хIалтIухъаби къваригIаразе

**2015 соналъул 3 июлалдаса хIалтIизе биччан буго баянал къеялъул рахъалъ ТIолгороссиялъул чIорогоял хIалтIизе бакIазул «Работа в России» абураб портал (хадубккун портал). Порталалъул интернет сеталда бугеб адрес ккола: www. truavset.ru.**

Гьеб порталалдасан лъазе рес буго тIолго Россиялдаго чIорого (вакансиялда) ругел хIалтIулел бакIазул баянал. Гьединго рес буго районалда бугеб хIалтIудалъун хьезариялъул централдасан порталалда лъезе хIалтIухъаби къваригIун рукIиналъул рахъалъ баяналги.

Порталалдасан пайда босиялъ рес къола хIалтIухъан валагьулев ва хIалтIи балагьулел дандчIвазе.

**Гумбет райадминистрация**

## Республика Дагестан администрация муниципального района «Гумбетовский район»

от «10» августа 2015 г. **Постановление** № 75

**Об изменении вида разрешенного использования**

Земельный участок с кадастровым номером 05:25:000016:196 площадью 591 м2, расположенный в селении Тлярата Гумбетовского района ул.70-лет Победы № 12 с регистрационным номером 05 АБ 059480, предназначенный для ведения личного подсобного хозяйства, перевести вид разрешенного использования под нежилое здание для размещения дошкольного образовательного учреждения.

**Глава администрации**
**А. Абдулкадыров**

СОЦИАЛКА

## Единовременная денежная выплата детям, поступающим в первый класс, согласно Постановлению Правительства РД от 08.08.2012 № 265.

**Министерство труда и социального развития Республики Дагестан подготовил и представил в Правительство РД проект постановления Правительства РД «Об установлении единовременной денежной выплаты на детей, поступающих в первый класс, из малоимущих многодетных семей, проживающих в Республике Дагестан».**

В соответствии с этим проектом постановления Правительства РД Министерство труда и социального развития РД является уполномоченным органом по осуществлению единовременной денежной выплаты на детей, поступающих в первый класс, из малоимущих многодетных семей, проживающих в Республике Дагестан.

Единовременная денежная выплата осуществляется малоимущим семьям, размер среднедушевого дохода которых не превышает величины прожиточного минимума, установленного в Республике Дагестан (на II-квартал 2015 года 8666 рублей).

Размер единовременной денежной выплаты ребенку, поступающего в первый класс, из малоимущей многодетной семьи составляет 2000 рублей.

Уважаемые родители будущих первоклассников этого учебного года! В целях своевременного назначения и осуществления единовременной денежной выплаты на ребенка, поступающего в первый класс, из малоимущих многодетных семей нашего района, Вам нужно обратиться в Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» желательно до 20 августа 2015 г.

Если Вам потребуется дополнительная информация о назначении единовременной денежной выплаты на детей, поступающих в первый класс, обращайтесь к специалисту по проблемам семьи, женщин и детей, УСЗН 26 - 323

Примерный перечень необходимых документов для назначения и выплаты единовременной денежной выплаты на детей, поступающих в первый класс из малоимущей многодетной семьи

Заявление на имя руководителя УСЗН;

Справка о составе семьи;

Копии паспортов родителей ребенка;

Копия свидетельства о рождении ребенка - первоклассника;

Копии страховых свидетельств государственного пенсионного страхования родителей ребенка;

Справки о зарплате за последние 3 месяца (для работающих родителей);

Копия трудовой книжки, а если же нет трудовой книжки-справки с сельской администрации о том, что нигде не работают и трудовой книжки не имеют;

Справки о размере получаемой пенсии, или же о неполучении никакой пенсии;

Справки о размере получаемого пособия по безработице, или же о ее неполучении (для неработающих трудоспособных родителей);

Справки о том, что состоят ли на учете как предприниматель в органе налоговой инспекции;

Справка из школы о зачислении ребенка в первый класс.

**Отдел пособий УСЗН**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Мехельтинский интернат объявляет набор учащихся на 2015/16 учебный год по следующим направлениям:**

химия и биология - 9 -11 классы

математика 5-9 классы

русский язык 5-9 классы

англ. язык 5-9 классы.

Дистанционное обучение по всем этим направлениям для всех школ района.

**Тел. 928 530 78 90.**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Для безработных и незанятых граждан

**В соответствии с обращением Председателя Правительства Республики Дагестан в городе федерального значения Севастополь (письмо от 20 июля 2015 г. предприятие ООО «Агрофирма «Золотая Балка» Министерство труда и социального развития Республики Дагестан (далее – Министерство) сообщает следующее.**

Общество с ограниченной ответственностью «Агрофирма «Золотая Балка» просить оказать содействие на сезонное и постоянное трудоустройство по сборке урожая и обработке винограда в количестве 300 человек, в период с 15 августа по 15 октября 2015 г. в городе Севастополь. Трудоустройство официальное, представляется полный социальный пакет, 40 часов работы в неделю, жилье и питание бесплатное.

**Центр занятости населения**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ-ЗДОРОВЫЙ ДУХ

## Профилактика малярии

**Малярия - это группа заболеваний, которая протекает с повышением температуры, снижением гемоглобина крови, увеличением печени и селезенки. Причина болезни - микроорганизмы - разные виды малярийного плазмодия, попадающие в организм человека при укусе самки комара рода Anopheles. Ежегодно в мире регистрируется до 500 миллионов заболевших малярией, причем приблизительно в 90% случаев заболевают жители различных районов Африки.**

В настоящее время малярия может быть завезена из 105 стран на свободные от нее территории, где существуют местные популяции комаров рода Anopheles и благоприятные условия для передачи инфекции. Продолжающаяся миграция граждан России (туристы, бизнесмены, специалисты - контрактники) и жителей эндемичных стран ближнего и дальнего зарубежья вРД область и наш район (студенты, трудовые мигранты, переселенцы) может привести к активизации эпидемического процесса.

Реальную опасность распространения малярии составляют завозные случаи трехдневной малярии в сезоне передачи малярии (май-сентябрь), особенно, в случае позднего выявления больных.

Необходимо знать, что малярия - тяжелое паразитарное заболевание, широко распространенное в странах с тропическим и субтропическим климатом (Малой и Юго-Восточной Азии, Африки, Южной Америки) и в странах ближнего зарубежья (Азербайджан, Армения, Узбекистан, Таджикистан, Грузия, приграничные территории).

Известны 4 формы малярии, из которых наиболее тяжелая - тропическая, распространенная в странах Африки. Заражение происходит при укусах малярийных комаров.

Инкубационный период составляет от 7 дней до 1 месяца при тропической малярии и до 3-х лет при других формах.

Симптомы заболевания - повышение температуры, озноб, сильное потоотделение, головная боль, слабость, боли в мышцах и суставах.

При тропической малярии без проведения своевременного лечения возможен смертельный исход в очень короткий срок от начала заболевания.

К группе особого риска относятся: дети, беременные женщины (малярия приводит к большому числу выкидышей - до 60%, смерти беременных - до 15%), люди с ВИЧ/СПИДом; лица, совершающие частые международные поездки. Поэтому всем выезжающим в тропические страны Африки, Юго-Восточной Азии, Средней и Южной Америки необходимо помнить, что:

при выборе страны для туристической поездки получить информацию в туристических фирмах, организующих путешествия, о наличии в ней опасности инфицирования малярией;

за неделю до выезда в «тропики» следует начинать регулярный прием противомалярийного препарата, который обеспечит защиту организма. Прием препарата необходимо продолжать весь период пребывания в тропических странах и один месяц после возвращения на родину. Выбор лекарства зависит от страны пребывания, а его доза определяется врачом;

во время пребывания в стране применять репелленты (средства, отпугивающие комаров), нанося их на открытые участки тела, а также пропитывать ими одежду;

при выходе из дома после заката солнца одеваться в плотную, максимально закрытую светлых тонов одежду;

- на открытые участки тела наносить репелленты;
- спать в засетченной комнате;

перед сном обрабатывать помещение инсектицидным аэрозолем;

при наличии большого количества комаров спать под пологом, обработанным инсектицидом.при любом заболевании с повышением температуры тела в течение 2-х лет после возвращения из страны, неблагополучной по малярии, сообщать об этом лечащему врачу.Только раннее выявление больных малярией поможет их выздоровлению и предупреждению распространения инфекции среди окружающего населения!

Помните, что малярию можно предупредить!

**Хадижат Джамалудинова,**
**главный врач ФБУЗ в Ботлихском районе**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.